

**NeMutungamiri
Dieter F. Uchtdorf**
Mutevedzeri weChipiri
muHutungamiri Hwekutanga



Nzira Imwechete yekuvaMhuri Inofara

Munyori mukuru wemabhuku wechiRussian Leo Tolstoy akatanga kunyora bhuku rake rinonzi *Anna Karenina* nemazwi aya: “Mhuri dzinofara dzakafanana dzose; yese mhuri isingafare haifare nenzira yayo pachayo.¹ Kunyange ndisina chokwadi sechaTolstoy chekuti mhuri dzose dzinofara dzakafanana, ndakaona chinhu chimwechete chakafanana muvazhinji vavo: vane nzira yekuregerera nekukanganwa zvirandu zvevamwe uye yekutsvaga zvakanaka mavari.

Avo vari mumhuri dzisingafare, nerimwe divi, kazhinji vanotsvaga mhosva, vanochengeta mataka, uye vanorati-dzika sevasingakwanise kukanganwa zvitadzo zvekare.

“Hongu, asi . . .” vanotanga kutaura vachidaro avo vasingafare. “Hongu, asi humuzivi kuti andirwadzisa zvakaipa sei,” anodaro mumwe. “Hongu, asi hamuzive kuti akaipa zvikuru sei,” anodaro mumwe.

Zvimwe vese vari pachokwadi; zvimwe hapana ari pachokwadi.

Pane mwero yakawanda yechitadzo. Pane mwero yakawanda yekurwadziswa. Asi zvandakaona ndezve-kuti kazhinji tinopembedza hashu dzedu uye tinogutsa hana dzedu nekuzvita urira ngano pamusoro pezvi-konzero zvezviito zvevamwe idzo dzinoshora zviito zvavo sezvisingaregerwe uye zvine utsinye asi, panguva imwecheteyo, tichirumbidza zvikonzero zvezviito zvedu sezvakarurama uye zvisina mhosva.

Imbwa yeMwanakomana waMambo

Pane ngano yekare yevechiWelsh yezana rema-kore rechigumi nematatu iri pamusoro pemwanako-mana wamambo akadzoka kumba akawana imbwa yake iine ropa raiyerera nekumeso kwayo. Murume uyu akamhanyira mukati memba uye, akavhunduka nekutya, paakaona kuti mwanakomana wake muche-che akanga asimo uye mubhedha wake wekurarira wakanga wakakudubuka. Nehasha mwanakomana wamambo akazvuvva bakatwa rake uye akauraya imbwa yake. Chinguva chidiki mushure maizvozvo, akanzwa kuchema kwemwanakomana wake—mwana akanga ari mupenyu! Padiivi pemucheche paive negava rakanga rakafa. Imbwa yakanga, zviro kwazvo, yadzi-virira mwana wemwanakomana wamambo kubva kumhondi yegava iyi.

Kunyange ngano iyi iri semutambo, inoratidza chid-zidzo. Inozarura kwaniso yekuti ngano yatinozvita urira pamusoro pekuti sei vamwe vachiita zvinhu neimwe nzira kazhinji haibvumirane nechokwadi chezvinhu—dzimwe nguva hatitomboda kuziva chokwadi chaicho chezvinhu. Tinoda kunzwa kuti tine kodzero yehasha dzedu nekuramba takabaturira pakutsamwa neruvingo rwedu. Dzimwe nguva mataka aya anokwanisa kuvapo kwemwedzi yakawanda kana makore akawanda. Dzimwe nguva anovapo kweupenyu hwese.

Mhuri Yakaparadzana

Vamwe baba havana kukwanisa kuregerera mwanakomana wavo nekuda kwekutsauka kwake kubva munzira yaakanga akadzidziswa. Mukomana uyu aiva neshamwari dzakanga dzisingadikanwe nababa vake, uye akaita zvinhu zvizhinji zvaipokana nezvaifungwa nababa vake kuti anofanira kuita. Izvi zvakakonzera kupesana pakati pababa nemwanakomana, uye apo mukomana uyu paakangokwanisa, akabva pamba uye haana kumbofa akadzoka. Havana kuzombotaura vese zvakare.

Baba ava vakanzwa kuti vakanga vaine kodzero yekuita izvi here? Pamwe.

Mwanakomana akanzwa kuti aiva nekodzero yekuita izvi here? Pamwe.

Zvandinoziva ndezvekuti mhuri iyi yakaparadzaniwa uye yakanga isingafare nokuti baba kana mwanakomana havana kukwanisa kuregererana. Havana kukwanisa kukanganwa ndangaririro dzinorwadza dzavaiva nadzo pamusoro pemumwe nemumwe. Vakazadza mwoyo yavo nehasha kunze kwerudo neruregerero. Mumwe nemumwe wavo akazvirasira mukana wekushandura upenyu hwemumwe kuti huve hwakanaka. Kupesana kwaiva pakati pavo kwakararidzika kuva kwakadzika zvikuru uye kwakapamhama zvikuru zvekuti mumwe nemumwe wavo akava musungwa panezvemweya pachitsuwa chemanzwiwo emwoyo chake pachake.

Kunaka kwazvo ndekwekuti, Baba vedu Vekusingaperi Vekudenga vane rudo neungwaru vakapa nzira dzekukunda gwanza rerudado iri. Rudzikinuro rukuru rusingagumi ndicho chiito chepamusoro-soro cheruregerero neruyanano. Hukuru hwarwo hunodarika kunzwisisa kwangu, asi ndinopura nemwoyo nemweya wangu wese huchokwadi nesimba guru rarwo. Muponesi Akazvipa semuripo wezvivi zvedu. Kuburikidza Naye tinowana ruregerero.

Hakuna Mhuri Yakarurama Zvakakwana.

Hakuna mumwe wedu asina chitadzo. Mumwe nemumwe wedu anoita zvikanganiso, kusanganisira iwe neni. Tese takamborwadziswa. Tese takamborwadzisa vamwe.

Tinokwanisa kuwana ruponeso neupenyu husingaperi kuburikidza nekuzvipira kweMuponesi wedu. Apo patinotambira nzira Dzake uye tichikunda rudado

rwedu nokupfavisira mwoyo yedu, tinokwanisa kuunza ruyanano neruregerero mumhuri dzedu nemuupenyu hwedu pachedu. Mwari vanozotibatsira kuti tive tinoregerera zvakanyanya, kuti tive nechido chakanyanya chekufamba maira yechipiri, kuti tive vekutanga kukumbira ruregerero kunyange zvazvo chimwe chinhu changachisiri mhosva yedu, kuti tiise parutivi mataka ekare uye tisazoachengetedza zvakare. Kutenda ngakuve kuna Mwari, Avo vakapa Mwanakomana Wavo Mumwechete Wekuberekwa, uyo Akapa upenyu Hwake kuitira isu.

Tinokwanisa kunzwa rudo rwaMwari kunesu zuva rega rega. Hatifanire here kunge tichikwanisa kuzvipa zvakati wandei kune vamwe vedu sekudzidziswa kwazvinoitwa murwiyo rwunodiwa rweChechi rwunoti “Because I Have Been Given Much”? (“Nokuti Ndakapihwa Zvizhinji?”)² Ishe vakatizarurira musuwo wekuti tiregererwe. Hazvisi here zvingangova zvakanaka kuti tiise parutivi chidingoveni nerudado zvedu pachedu uye totanga kuvhura uyo musuwo wakaropafadzwa weruregerero kune avo vatinonetsana navo—kunyanya kunevese vemhuri yedu pachedu?

Pekupedzisira, rufaro harwubve paururami hwa-kakwana asi rwunobva pakushandisa misimbotti mit-svene, kunyange muzvinhano zvidiki. Vatungamiri Vekutanga neChikwata cheVaapostori Gumi neVaviri vakazivisa kuti: “Rufaro muupenyu hwemhuri rwungangonyanya kubudirira kana rwakamiswa padzidziso dzaIshe Jesu Kristu. Michato nemhuri zvakabudirira zvakamiswa uye zvinochengetwa pamisimbotti yerutendo, munamato, rutendeuko, *ruregerero*, rukudzo, rudo, tsitsi, basa, neyezviitwa zvekufara zvakana.”³

Ruregerero rwakaiswa pakati chaipo pezvokwadi zviripachena izvi, zvakamiswa pachinangwa cherufaro chaBaba vedu Vekudenga. Nokuti ruregerero runobatanidza misimbotti, runobatanidza vanhu. Ikii, inovhura misiwo yakakiiwa, ndiko kutanga kwenzira yechokwadi, uye ndiyo imwe yetariri dzedu dzakanakisisa dzemhuri inofara.

Mwari ngavatibatsira kuva tinoregerera zvakanyanya mumhuri dzedu, kuva tinoregererana zvakanyanya, uye zvichida kuva tinoregererawo zvakanyanya kunyange isu pachedu. Ndinonamata kuti tinganzwa ruregerero seimwe nzira yakanakisisa iyo mhuri zhinji dzinofara yadzakafanana.

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Leo Tolstoy, *Anna Karenina*, dudziro Constance Garnett (2008), 2.
2. "Because I Have Been Given Much," ("Nokuti Ndakapihwa Zvizhinji,")
Hymns, nhamba 219.
3. "Mhuri: Chiziviso kuNyika" *Liahona*, Mbudzi 2010, 129; simbiso yakawedzerwa.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

" Apo paunodzidzisa chidzidzo chega chega, zvibvunze kuti musimbote uyu wakafanana sei nechimwe chinhu nhengo dzemhuri chadzakasangana nacho muupenyu hwavo" (*Teaching, No Greater Call [1999], 171*). Funga kukoka nhengo dzemhuri kuti dzigovere zviitiko zvakanaka zvavakava nazvo kana zvavakaona pamusana peruregerero. Kurukura zviitiko izvi, uchisimbisa kwavari maropafadzo eruregerero. Pedzisira nekupa uchapupu hwekukosha kwekuregererana.

VECHIDIKI

Ruregerero neRunyararo

NaLauren W.

Mamwe manheru ndakakavadzana naamai vangu uye ndikanzwa kutambudzika zvikuru. Saka ndakafunga kuti ndinamate. Kunyange ndakanga ndakatsamwa uye ndisingadi kuva pane "zvemweya," ndakaziva kuti kunamata kwaizondibatsira kuti ndinzwewe kufara kurinani uye ndigoshomesa kukakavadzana. Mushure mekunge amai vangu vabuda mumupanda umu, ndakatanga munamato wangu. "Mudikani Baba Vekudenga, ndauya kwaMuri manheru ano nokuti . . ." Kwete. Ndakavhura maziso angu ndikatambanudza maoko angu; mazwi iwawo akanga asina kutsarukana. Ndakaedza zvakare." Baba Vekudenga, ndinoda . . ." Mazwi iwayowo akanga asina kutsarukana. Ndakanzwa Satani achindikurudzira kuti ndiregere munamato wangu wekukumbira Baba Vekudenga rubatsiro.

Pakarepo ndakanzwa femero yekuti nditi ndinotenda! Saka ndakadarwo, uye pfungwa dzakatanga kudururuka kubva mumusoro mangu dzezvinhu zvose zvandaikwanisa kutenda nazvo Baba vangu vari Kudenga. Pandakanga ndapedza kuVatenda, ndakakurukura dambudziko rakanga riripo.

Pashure ndakanzwa runyararo rwunoshamisa mukati mangu, manzwiwo ezvemweya anodziya ekuti ndinoziva kuti Baba vedu Vekudenga nevabereki vangu vanondida uye nekuti ndiri mwana waMwari. Ndakakwanisa kukumbira ruregerero kuna amai vangu uye ndikatambira chikumbiro chavo cheruregerero.

VANA

Ruregerero Runounza Rufaro

Mutungamiri Uchtdorf vanodzidzisa kuti tinofanira kuregerera nhengo dzemhuri yedu. Ona kuti sarudzo dzaJoseph naAnna dzakashandura sei mhuri yavo.

Joseph nehanzvadzi yake diki, Anna, vari kutamba pamwechete. Anna anobvuta chitoyi chekutambisa chaJoseph kubva kwaari. Chii chinofanira kuitwa naJoseph?

Joseph anoshatirirwa Anna. Anna anochema. Amai vaJoseph vano murangira kurwisana kwaari kuita nehanzvadzi yake. Joseph ane urombo kuti aita sarudzo isina kunaka.

Joseph anoregerera Anna uye anowana chimwe chitoyi chekutamba nacho. Vanotamba vese vachifara. Amai vavo vanofara kuti Joseph aita nyasha kunehanzvadzi yake uye akachengetedza runyararo mumhuri. Joseph anonzwa kufara nekuda kwekusarudza kuregerera.

Pashure, Joseph naAnna vanofanira kubatsira amai vavo kugadzira kudya kwamanheru. Joseph haabatsire. Chii chinofanira kuitwa naAnna?

Anna ano nyunyuta kuna amai vake. Anna anokavadzana pamusoro pekuita basa ari ega. Pakudya kwamanheru munhu wese haasikufara nokuda kwekukavadzana uku.

Anna anoregerera Joseph uye anobatsira nezvedya kwamanheru. Amai vavo vanotenda nerubatsiro rwaAnna. Mhuri inonakirwa nokuva pamwechete panguva yekudya kwamanheru. Anna anonzwa zvakanaka nokuti asarudza kuregerera.

Sarudzo dzako dzekuregerera dzinoshandura rufaro rwemhuri yako sei?



Rutendo, Mhuri, Rubatsiro

Kukudza Zvibvumirano Zvedu

Nomunamato dzidza chinyorwa chino uye, pazvinoita, chikurukure nemasisita amunoshanyira. Shandisa mibvunzo yacho kuti ikubatsirei kusimbisa masisita enyu uye kuita kuti Chita cheRubatsiro chive chikamu chinoshanda cheupenyu hwenyu pachenyu.

Dzidziso yekushanyirana chiratidzo cheudzidzi hwedu uye inzira yekukudza nayo zvibvumirano zvedu apo patinoshandirana nekusimbisana. Chibvumirano ivimbiso inoera uye isingaperi pakati paMwari nevana Vavo. “Apo patinonzwisisa kuti tiri vana vechibvumirano, tinoziva kuti tiri vanaani uye tinoziva izvo zvinotarisirwa naMwari kwatiri,” vakadaro Gosa Russell M. Nelson veChikwata cheVaapostori Gumi neVaviri. “Murau wavo wakanyorwa mumwoyo yedu. NdiMwari vedu uye tiri vanhu Vavo.”¹

Sevadzidzisi vekushanyirana tinokwanisa kusimbisa avo vatino-shanyira mukuedza kwavo kuchengeta zvibvumirano zvavo zvinoera. Nekudaro, tinovabatsira kugadzirira maropafadzo eupenyu husingaperi. “Sisita wese ari muChechi ino uyo akaita zvibvumirano naIshe ane mvumo tsvene yekubatsira kuponesa vanhu, yekutungamirira vakadzi venyika, yekusimbisa dzimba dzeZioni, neyekuvaka umambo hwaMwari,” vakadaro Gosa M. Russell Ballard veChikwata cheVaapostori Gumi neVaviri.

Apo patinoita nekuchengeta

zvibvumirano zvinoera, tinova midziyo mumaoko aMwari. Tinozokwanisa kutsanangura zvakajeka zvitendero zvedu nekusimbisa rutendo rwemumwe nemumwe wedu munaBaba Vekudenga naJesu Kristu.

Kubva muMagwaro Matsvene

1 Nifai 14:14; Mosaya 5:5–7; 18:8–13; Dzidziso neZvibvumirano 42:78; 84:106

Kubva muNhorondo Yedu

Temberi “inzvimbo yekupa kute-nda yevatendi vose,” Ishe vakazarura kuna Muporofita Joseph Smith muna 1833. “Inzvimbo yekudzidziswa kune avo vose vakadaidzwa kubasa rekuhushumiri mukudaidzwa kwavo kwese kwakasiyana-siyana nezvigaro; kuti vave vakakwana mukunzwisisa hushumiri hwavo, mupfungwa, mumitemo, uye nemudzidziso, muzvinhu zvose zviri maererano neumambo hwaMwari pano pasi” (D&Z 97:13–14).

Masisita eChita cheRubatsiro muNauvoo, Illinois, mukutanga kwamakore emuma1840 vaibatsirana kugadzirira zvisungo zvetemberi.

Muzvisungo zvehupirisita hwepamusoro zvakagashirwa neVatendi Vamazuva Ekupedzisira Mutemberi yeNauvoo “simba reumwari [raka] onekwa” (D&Z 84:20). “Apo Vatendi pavakachengeta zvibvumirano zvavo, simba iri rakavasimbisa nekuvachengeta mumatambudziko avo mumazuva namakore aiva mberi.”³

MuChechi nhasi, vakadzi nevarume vakatendeka pasi rose vano-shanda mutemberi uye vanoramba vachiwana simba mumaropafadzo anokwanisa kugashirwa chete kuburikidza nezvibvumirano zvemutemberi.

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Russell M. Nelson, “Covenants,” *Liahona*, Mbudzi 2011, 88.
2. M. Russell Ballard, “Women of Righteousness,” *Liahona*, Zvita 2002, 39.
3. *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 133.

Chii Chandingaite?

1. Zvibvumirano zvangu zvinondisimbisa sei?
2. Ndiri kubatsira sei masisita andinotaririra kuti vachengete zvibvumirano zvavo?

Kuwana rumwe ruzivo, enda ku www.reliefsociety.lds.org.